



Salè minimòm pa èdtan ki anvigè ant 31 desanm 2022 ak 30 desanm 2023

New York City	
Gwo Patwon (11 anplwaye oswa plis)	Ti Patwon (10 anplwaye oswa mwens)
Salè Minimòm \$15.00	Salè Minimòm \$15.00
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$22.50	Travay siplemantè apre 40 èdtan \$22.50
Travayè Fasfoud \$15.00	Travayè Fasfoud \$15.00
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$22.50	Travay siplemantè apre 40 èdtan \$22.50
* Anplwaye Sèvis \$12.50	* Anplwaye Sèvis \$12.50
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$20.00	Travay siplemantè apre 40 èdtan \$20.00
Otèl-Klèb – poubwa minimòm \$8.40	Otèl-Klèb – poubwa minimòm \$8.40
Lòt – poubwa minimòm \$3.25	Lòt – poubwa minimòm \$3.25
* Travayè Sèvis Manje \$10.00	* Travayè Sèvis Manje \$10.00
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$17.50	Travay siplemantè apre 40 èdtan \$17.50

5

Long Island ak Westchester County	
Salè Minimòm \$15.00	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$22.50	
Travayè Fasfoud \$15.00	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$22.50	
* Anplwaye Sèvis \$12.50	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$20.00	
Otèl-Klèb – poubwa minimòm \$8.40	
Lòt – poubwa minimòm \$3.25	
* Travayè Sèvis Manje \$10.00	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$17.50	

Rès New York State	
Salè Minimòm \$14.20	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$21.30	
Travayè Fasfoud \$15.00	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$22.50	
* Anplwaye Sèvis \$11.85	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$18.95	
Otèl-Klèb – poubwa minimòm \$7.95	
Lòt – poubwa minimòm \$3.05	
* Travayè Sèvis Manje \$9.45	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$16.55	

Si ou gen kesyon, si ou bezwen plis enfòmasyon oswa si ou vle depoze yon plent, tanpri ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/minimumwage oswa rele nimewo: **(888) 469-7365**.

Kredi ak Alokasyon ki ka redui salè ou anba salè minimòm pa èdtan endike anwo a:

- **Poubwa** – Patwon ou ka itilize yon kantite limite poubwa ou pou redui salè ou. Sa rele yon kredi nan poubwa. Patwon ou ka pran yon kredi nan poubwa ou sèlman si poubwa ou plis salè ou adisyone pou bay omwen salè minimòm nan. Li toujou dwe peye ou omwen salè pa èdtan ki endike anwo a.
Ekspeyasyon: Patwon yo pa kapab pran kredi nan poubwa nan salè okenn travayè fasfoud, tankou livrezon, oswa pou anplwaye sèvis ki gen poubwa mwayen pa semèn yo ki mwens pase kantite lajan minimòm pa èdtan ki endike anwo a. Kantite lajan nan kredi nan poubwa a se menm pou kantite èdtan travay siplemantè.
- **Manje ak ebèjman** – Patwon ou ka pran yon kantite lajan limite nan salè ou pou manje ak ebèjman li ba ou, depi li pa fè ou peye okenn lòt bagay. Tarif ak egzijans yo endike nan lòd ak rezime salè pa èdtan, ki disponib sou entènèt.

Patwon ou ka dwe ou **Salè pou Travay Siplemantè** anplis salè minimòm pa èdtan ki endike anwo a:

- **Salè pa èdtan ak travay siplemantè** – Ou dwe touche pa èdtan (pa yon salè oswa pa yon salè pa jou). Ou dwe touche 1½ fwa salè pa èdtan regilye ou (pa mwens pase kantite lajan ki endike anwo a) pou kantite èdtan pa semèn ki depase 40 (oswa 44 pou anplwaye ki travay nan kay).
Eksepsyon: Yon salè pa èdtan ak travay siplemantè pa obligatwa pou pwofesyonèl salarye yo, oswa pou ekip egzekitif ak administratif ki gen salè yo pa semèn ki pi plis pase 75 fwa salè minimòm pa èdtan an.
- **Salè pou prezans** – Si ou ale nan travay dapre orè ou epi patwon ou voye ou lakay ou bonè, ou ka gen dwa pou touche kèk èdtan siplemantè nan salè minimòm pa èdtan pou jou a.
- **Pwolongasyon kantite èdtan yo** – Si jounen travay ou dire plis pase dis èdtan, ou ka gen dwa pou touche salè siplemantè pa jou. Salè pa jou a egal a yon èdtan salè a nan salè minimòm pa èdtan an.
- **Antretyen inifòm** – Si ou lave inifòm ou poukont ou, ou ka gen dwa pou resevwa salè siplemantè pa semèn. Salè pa semèn yo disponib sou entènèt.